

Eske M Bezwen Enskri?

Repons la se "wi" si w pa gen yon lòt kote pou w ale epi ou bezwen:

- ✓ Asistans ak medikaman
- ✓ Yon pwofesyonèl nan domèn sante pou konsilte w
- ✓ Kouran pou ekipman pou sante ou
- ✓ Swen Fondamantal Enfimye
- ✓ Terapi ak oksijèn
- ✓ Asistans pou w evakye

Pa tann se lè ou gen yon ijans

Lè ou enskri davans sa vle di ou gen yon plan sekou. Si w ka rete ak yon fanmi ou zanmi oswa nan yon otèl ki pa nan zòn ki gen ijans la, pito ou fè sa.

Si ou pa gen okenn lòt kote pou rete, *enskri davans* epi prepare w pou al ale nan Abri Bezwen Espesyal la. Tanpri vini ak pwodwi medikal ak medikaman w ap pran nan moman an pou maladi ou a. Nou ankouraje ou vini ak moun kap ba ou swen tou.

Kijan Pou Mwen Enskri?

Chache konnen si ou kalifye epi mande kisa ou bezwen pote si ta gen yon ijans.

Pou plis enfòmasyon oubyen pou enskri davans, kontakte biwo jesyon ijans lokal ou a oswa depatman sante konte ou a:

Enfòmasyon pou kontakte biwo jesyon ijans lokal ou a:
floridadisaster.org/planprepare/disability/



Abri Bezwen Espesyal

Sa moun ki gen bezwen medikal espesyal bezwen konnen pou prepare pou ijans

Se nan yon kolaborasyon ak Depatman Sante Florida ak Divisyon Jesyon Ijans Florida nou pwodwi depliyon sa a

Kisa yon Abri Bezwen Espesyal ye?

Yon Abri Bezwen Espesyal se yon kote pou rete, lè ou pa gen okenn lòt kote pou ale. Se *sèlman* si ou gen pwoblèm ak plan abri pèsònèl pa w ou dwe itilize li.

Yon Abri Bezwen Espesyal ba ou plis swen ak sipèvizyon pase yon abri jeneral paske li ede w jere bezwen medikal espesyal ou yo pandan yon evakyasyon.

Nan mezi li posib pandan kondisyon ijans, Abri Bezwen Espesyal la pral ba ou yon bon kote pou rete san danje ak asistans fondamantal pou w ka kenbe nivo sante ou.

Bèt sèvis (chen ak ti cheval, pa egzanp) ka vini ak mèt yo nan abri a. Se mèt yo ki responsab pou tout swen yo nèt.

Kisa Mwen Dwe Atann?

Yon Abri Bezwen Espesyal pa pral konfòtab ak fasil menm jan ak lakay ou oswa nan yon otèl, epi li pa pral bay menm nivo swen ou jwenn nan yon lopital ou klinik.

Yon abri gendwa nan yon lekòl oswa yon lòt batiman piblik. Li ka chaje ak moun, plen bri, epi ou santi ou raz ladan. W ap jwenn bagay sa yo:

- ✓ Manje ak dlo. Si ou vle manje ak ti goute espesyal, se ou k pou pote li. Fòk se yon manje ki p ap ka gate.
- ✓ Asistans medikal fondamantal ak sipèvizyon. Nou pa gen ekipman medikal ak swen ki konplike nan abri bezwen espesyal yo.
- ✓ Yon kote pou ou menm ak moun k ap okipe ou a dòmi.
- ✓ Kouran rezèv pou limyè ak pou ekipman medikal ki nesesè yo.

Èske Mwen Kalifye?

Repons la se "*li posib*" si:

- ✓ Ou gen yon bezwen medikal espesyal mwen ou pa bezwen entènè lopital.
- ✓ Ou bezwen yon moun ede ou pou bagay tankou fè mante ak lòt bagay ou fè chak jou.
- ✓ Ou gen yon gwo maladi ki mande asistans yon lòt moun.



Kontakte Biwo Jesyon Ijans Lokal ou a pou konnen si w kalifye.

